Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MONIMAN YO NAN ETA A KI PRAL LIMEN AN WOUJ, BLAN AK BLE NAN REKONESANS JOUNEN VETERAN AN

Gouvènè Cuomo: "Pandan n ap reflechi, pa janm kite nou bliye kouraj, patriyotis ak detèminasyon ke veteran nou yo te demontre pandan yo te reponn apèl pou pwoteje ak defann Etazini Damerik".

Gouvènè Andrew M Cuomo te anonse jodi a moniman yo nan eta a pral limen an wouj, blan ak ble nan rekonesans Jounen Veteran an. Moniman yo k ap limen yo gen ladan:

- One World Trade Center ak The Oculus ki se Sant Transpò World Trade Center a
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman Administrasyon H. Carl McCall SUNY
- Batiman Biwo Alfred E. Smith State (Alfred E. Smith State Office Building) la
- New York State Fairgrounds
- Niagara Falls
- Pon Mid-Hudson (Mid-Hudson Bridge) lan
- Grand Central Terminal
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)

"Nou dwe gason ak fanm ki te sèvi ak kouraj nan lame nasyon nou an yon gwo dèt rekonesans ak tout respè nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap reflechi, pa janm kite nou bliye kouraj, patriyotis ak detèminasyon ke veteran nou yo te demontre pandan yo te reponn apèl pou pwoteje ak defann Etazini Damerik. Nou remèsye yo pou sèvis yo nan jou sa ak pou toujou."

Iliminasyon The Oculus se pral premye apre reyamenajman 13,000 liminè pou limyè LED yo nan kanpis World Trade Center. Envestisman sa a ta dwe redui emisyon kabòn yo nan plis pase 4,500 tòn metrik chak ane. Limyè LED yo gen yon dire lavi ki pi long epi ap pèmèt ajans lan konsève anviwon 6.4 milyon kilowat kouran, sa ki pral ekonomize plis pase 700,000 dola nan premye ane a. Anpil nan bilding nan kanpis World Trade Center a gen sètifikasyon LEED Gold oswa pi wo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU